

# Enfòmasyon Konsèman Tès Depistaj pou Fibrosis Sistik

## Kisa fibwoz sistik ye?

- Fibwoz Sistik CF se yon maladi grav.
- Moun ki gen fibwoz sistik gen pwoblèm nan poumon, trip, pankreyas, ak lòt ògàn. Sa a se paske ògàn yo kapab kouvri ak vlimè pwès ak glise.
- Moun ki gen fibwoz sistik souvan pa viv plis pase 40 tan.

## Kisa ki lakòz fibwoz sistik?

- Chak moun posede plizyè milye jèn. Ou jwenn jèn ou nan men paran ou yo. Jèn yo jwe yon gwo nan kalite moun ou ye, aparans ou, ak sante w.
- Nou tout gen 2 jèn ki rele CTFR. Moun ki gen fibwoz sistik yo gen maladi a paske yo te resevwa jèn CTFR anòmal (pa nòmal) nan men toude paran yo.

## Poukisa mwen ta dwe pran tès sa a?

- Tès sa a ap fè nou konnen si jèn CTFR ou yo nòmal. Si jèn CTFR ou yo anòmal, ou se yon potè fibwoz sistik.
- Menmsi ou se yon potè, sa pa vle di ou gen fibwoz sistik. Men ti bebe w la gen pran maladi a si papa tibebe w la se yon potè tou.

## Kisa rezilta yo revele m?

Rezilta yo ap di ou si jèn CTFR ou yo nòmal.

- **Si jèn CTFR ou yo nòmal**, gen toujou yon chans ti chans ba pou tibebe w la gen fibwoz sistik. Sa a se paske tès la ka sèlman wè kèk pwoblèm jèn CTFR . Tès la pa ka jwenn tout pwoblèm CTFR yo.
- **Si jèn CTFR ou yo anòmal**, ou se yon potè fibwoz sistik. Ti bebe w la gen pran maladi a si papa tibebe w la se yon potè tou.

## Kisa k ap pase pandan tès la?

Nou pral pran san ou. Nou pral voye san ou nan yon laboratwa pou fè tès la.

## Kisa yo pral fè ak san mwen apre tès la?

Laboratwa a pral jete san ou apre tès la. Si rezilta yo montre ou bezwen fè plis tès, laboratwa a ap kenbe san ou pou jiska 6 mwa.

## Konbyen tès sa a koute?

Asirans sante ou ap peye pou tès sa a. Si ou pa gen asirans sante, ou ka oblije peye pou tès sa a.